**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**Сыйлықлаў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық оқыў-методикалық орайы тәрепинен 2019-2020-оқыў жылы 4-шерегиниң басланыўы менен улыўма орта билим бериў мектеплериндеги билим бериў өзбек ҳәм рус тиллеринде алып барылатуғын класслар ушын телесабақлар Миллий телерадиокомпаниясының 3 каналында (National Geography Wild, Eurosport ҳәм Охота и рыбалка) арқалы эфирге узатыў жолға қойылған болса, Қарақалпақстан Республикасында билим бериў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын класслар ушын Қарақалпақстан телеканалы арқалы телесабақлар эфирге узатылды.

Телесабақларды эфирге таярлаў барысында улыўма орта билим бериў мектеплеринен ең тәжирийбели пән муғаллимлери таңланып алынып, 138 пән муғаллими, 11 сурдопедагог ҳәм де орай методистлери белсене қатнасды.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Онлайн-мектеп жойбарына белсене қатнасқан қосымшада аты көрсетилген педагог хызметкерлер «Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў ағласы» көкрек нышаны менен сыйлықлансын.

**Тийкары:** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық оқыў-методикалық орайы директорының усыныс хаты.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
«25» январь 2021-жыл
№ 23-сонлы

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
Р.Реимовқа

## БИЛДИРИЎ

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық оқыў-методикалық орайы тәрепинен 2019-2020-оқыў жылы IV шерегиниң басланыўы менен улыўма орта билим бериў мектеплеринде билим бериў өзбек ҳәм рус тиллеринде алып барылатуғын класслар ушын телесабақлар Миллий телерадиокомпаниясының 3 каналы (*National Geography Wild, Eurosport ҳәм Охота и рыбалка*) арқалы эфирге узатыў жолға қойылған болса, Қарақалпақстан Республикасында билим бериў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын класслар ушын Қарақалпақстан телеканалы арқалы телесабақлар эфирге узатылып барылды

Телесабақларларды эфирге таярлаў барысында улыўма орта билим бериў мектеплеринен ең тәжирийбели пән муғаллимлери таңланып алынып, 138 пән муғаллими ҳәм 11 сурдопедагог ҳәм орай методистлери белсене қатнасты.

Онлайн-мектеп жойбарына белсене қатнасқан 17 тәжирийбели пән методистлери ҳәм пән оқытыўшылары билимлендириў тараўы тармақ сыйлықлары менен сыйлықлаў бойынша усыныс етеди.

Жоқарыдағыларды есапқа ала отырып, сыйлықлаў мәресимин 2021-жыл 30-январь күни саат 10.00 де министрликтиң мәжилислер залында өткериўге руҳсат бериўиңизди соранаман.

(педагог хызметкерлер дизими қоса тигиледи)

**РОМО директоры** ______ **Қ.Жубанов**

Таярлаған Б.Кожаназаров
Тел: 91-391-90-99